



Bonjou Anplwaye Baumann/Acme/Brookset/Alert yo,

Yo fè nou konnen konpayi nou an, ak reprezantan li yo, te fè kèk vye manti sikile sou dwa nou genyen devan lalwa, pou nou vote pou Teamsters Local 1205 – ansanm ak lòt manti sou sendika a limenm.

Kòm yon òganizasyon ki sipòte dwa imigran isit la, nan Long Island, nou vle konfime ankò Teamsters Local 1205 lan se pa sèlman yon sendika ki onèt epi ki fò, k ap travay nan enterè tout travayè, men tou sendika a lite espesyalman pou dwa imigran ki soti nan tout peyi. Yon bagay nou ka pako konnen, Sekretè Depatman Travay nan Etazini an, Hilda Solis, se pitit fi imigran, epi yo te chwazi papa l nan eleksyon kòm delege sendikal Teamster. Mis Solis sipòte aklè dwa nou genyen pou nou fòme yon sendika, epi objektif depatman li an, se pwoteje dwa nou.

Se yon bagay inakseptab, pou konpayi nou an eseye fè nenpòt pwopagann pou Local 1205 parèt kòm si li pa bon pou nou. Se yon tantativ ki lèd, epi ki montre y ap pèdi tèt yo, pou eseye fè nou pa gen reprezantasyon, kidonk pou nou pa resevwa salè nou merite. Baumann yo vle fè nou vote kont sendika a, oubyen pa vote ditou, pou yo kapab kontinye vyole dwa nou genyen pou yo trete nou byen ak peye nou byen.

Sendika travayè yo toujou devan, nan ede imigran amelyore kondisyon ekonomik pou yomenm ak pou fanmi yo. Pa kite taktik patwon an kaponnen nou, pou fè nou pa rive jwenn pi bon kondisyon sa yo.

Si gen nenpòt kisa nou ka fè ankò, pou fè wè n ap kanpe avèk nou nan efò pou fòme sendika a, pa jennen pou kontakte nou. N ap avèk ou nan dat 20 novanm lan, epi nou ankouraje w vote pou Teamsters Local 1205!

Ak tout senserite,

Luis Valenzuela, Ph.D.

Luis Valenzuela, Executive Director